

HAITIAN CREOLE EDITION  
SEQUENTIAL MATHEMATICS, COURSE I  
TUESDAY, JUNE 19, 2001  
1:15 to 4:15 p.m., only

The University of the State of New York  
REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**TWAZAN MATEMATIK POU LEKÒL SEGONDÈ**

**KOU I**

**Madi** 19 jen 2001 — 1:15 pou 4:15 p.m., sèlman

**Atansyon . . .**

Fòk genyen kalkilatis syantifik ki disponib pou tout elèv ki ap pran egzamen sa a.

Fèy repons egzamen an nan dènye paj la. Pliye fèy repons lan sou bò ki genyen ti twou yo epi detache li dousman, ak anpil prekosyon. Ansuit, bay enfòmasyon yo mande nan antèt fèy egzamen an.

Lè ou fin fè egzamen an, ou dwe siyen deklarasyon ki anba fèy repons lan. Deklarasyon ou siyen an vle di ou pa t genyen kesyon yo ak repons yo alavans, ou pa t bay poul, ou pa t pran poul nan egzamen an. Nou pap pran fèy repons lan nan men w si ou pa siyen deklarasyon sa a.

**PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN NOU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN.**

## Pati I

**Reponn 30 kesyon nan pati sa a. Y ap ba ou 2 pwen pou chak kesyon ou jwenn. Si ou pa jwenn kesyon an nèt, yo pap ba w pwen pou li. Ekri repons yo nan espas yo bay nan fèy repons lan. Nou kapab kite repons yo sou fòm  $\neq$  oubyen sou fòm radikal nan ka ki apwopriye.** [60]

1 Ki eleman envès multiplikasyon  $\frac{3}{7}$  ?

2 Chèche valè  $x$ :  $\frac{7}{2} = \frac{x}{3}$

3 Chèche valè  $x$ :  $2.5x + 0.5 = 6.25$

4 Yo chwazi yon lèt pami uit lèt ki genyen nan mo "SAVANNAH" a. Ki pwobabilite ki genyen pou lèt yo chwazi a se yon A oubyen yon N?


5 Chèche valè  $y$ :  $-4(y - 3) = 5(2y - 6)$

6 Chèche valè  $x$  nan sistèm ekwasyon ki anba a:

$$\begin{aligned} 2x - 3y &= 9 \\ 3x + 3y &= 11 \end{aligned}$$

7 Chèche valè  $x$  an fonksyon de  $a, b$  ak  $c$ :  
 $bx - 3a = c$

8 Nan dyagram  $\triangle SPR$ , ki anba a, yo lonje  $\overline{PR}$  rive nan  $T$ ,  $m\angle S = 47^\circ$ ,  $m\angle P = 58^\circ$ . Chèche  $m\angle SRT$ .



9 Mete  $(x - 7)(x + 3)$  sou fòm yon trinòm.

10 Ekri envès  $\sim p \rightarrow q$ .

11 Si genyen yon varyasyon dirèk ant  $a$  ak  $p$  epi  $a = 260$  lè  $p = 13$ , ki valè  $a$  lè  $p = 17$ ?

12 Ki vale  $xy^2$  si  $x = -3$ ,  $y = -7$ ?


13 Pwen A nan Kadran II. Si pwen A reflechi sou aks- $x$  la, nan ki kadran imaj li ap ye?

*Men sa pou nou fè pou kesyon 14 jiska 35: Pou chak kesyon nou chwazi, ekri nimewo ki devan mo oubyen espresyon ki konplete oubyen ki reponn kesyon an pi byen an sou fèy repons ki apa a.*

14 Lèt  $p$  vle di "Mwen renmen gato", lèt  $q$  vle di "Mwen renmen krèm". Ki espresyon ki reprezante "Si mwen pa renmen gato, mwen pa renmen krèm"?

- |                            |                                 |
|----------------------------|---------------------------------|
| (1) $\sim p \vee \sim q$   | (3) $\sim p \rightarrow \sim q$ |
| (2) $\sim p \wedge \sim q$ | (4) $\sim p \rightarrow q$      |

15 Sara genyen 10 sirèt: 7 sirèt wouj ak 3 sirèt vèt. Li chwazi yon sirèt o aza, li manje li epi li chwazi yon lòt sirèt. Yo itilize dyagram branch ki anba a pou yo montre sa ki pase a.



Ki valè  $x$  nan dyagram nan?

- |                    |                    |
|--------------------|--------------------|
| (1) $\frac{3}{10}$ | (3) $\frac{2}{10}$ |
| (2) $\frac{3}{9}$  | (4) $\frac{2}{9}$  |

16 Si yo sèvi ak  $3x + 5$  pou yo reprezante yon kote nan yon egzagòn regilye, yo kapab reprezante perimèt egzagòn nan ak

- (1)  $3x + 30$  (3)  $18x + 30$   
 (2)  $18x + 5$  (4)  $18x - 30$

17 Lè yo dekonpoze binòm  $4x^2 - 9$  an faktè, li ekivalan ak

- (1)  $(2x - 3)(2x - 3)$  (3)  $(4x - 9)(x + 1)$   
 (2)  $(2x - 3)(2x + 3)$  (4)  $(4x + 1)(x - 9)$

18 Sòm  $3x^2 - 8x - 2$  ak  $4x - 2$  se

- (1)  $3x^2 - 4x - 4$  (3)  $3x^2 + 12x$   
 (2)  $3x^2 - 4x + 4$  (4)  $7x^2 - 7x - 4$

19 Pwodui  $-5xy^2$  ak  $2xy^3$  se

- (1)  $-3xy^5$  (3)  $-10x^2y^5$   
 (2)  $-3x^2y^5$  (4)  $-10x^2y^6$

20 Toni te pran nòt sa yo pou senk egzamen matematik: 80, 49, 70, 71 ak 80. Ki nòt nòt medyàn Toni te ye?

- (1) 49 (3) 71  
 (2) 70 (4) 80

21 Nan kwadrilatè  $ABCD$ ,  $m\angle A = 72$ ,  $m\angle B = 94$ , e  $m\angle C = 113$ . Ki valè  $m\angle D$ ?

- (1) 81 (3) 108  
 (2) 86 (4) 136

22 Ane sa a Beti de fwa pi gran pase Adelina. Si yo itilize  $x$  pou yo reprezante laj Adelina genyen koulye a, ki espresyon  $y$  ap itilize pou yo reprezante laj Beti te genyen lane pase?


- (1)  $2x$  (3)  $x + 1$   
 (2)  $x - 1$  (4)  $2x - 1$

23 Kilès nan inekwasyon sa yo graf sa a reprezante?



- (1)  $-2 \leq x \leq 3$  (3)  $-2 \leq x < 3$   
 (2)  $-2 < x < 3$  (4)  $-2 < x \leq 3$

24 Nan dyagram ki anba a,  $\overline{AB} \parallel \overline{CD}$ ,  $m\angle CAB = 80$ ,  $m\angle DCB = 40$ .




Ki valè  $m\angle ACB$ ?

- (1) 40 (3) 80  
 (2) 60 (4) 120

25 0.0043 sou fòm notasyon syantifik se

- (1)  $4.37 \times 10^{-3}$  (3)  $43.7 \times 10^{-1}$   
 (2)  $4.37 \times 10^3$  (4)  $43.7 \times 10^1$

26 Nan dyagram ki anba a, reyon de sèk konsantrik yo se 3 ak 7.



Ki sifas reyon sonm nan?

- (1)  $80\pi$  (3)  $8\pi$   
 (2)  $40\pi$  (4)  $4\pi$

27 Kilès nan transfòmasyon sa yo ki *pa* konsève gwosè?

- (1) dilatasyon  
 (2) refleksyon parapò ak yon liy  
 (3) wotasyon  
 (4) translasyon

28 Nan triyang izosèl  $CAT$ , mezi ang somè a se mwatye mezi youn nan ang baz yo. Kilès nan fraz sa yo ki vre parapò ak  $\triangle CAT$ ?

- (1)  $\triangle CAT$  se yon triyang ekilateral.  
 (2)  $\triangle CAT$  se yon triyang egi.  
 (3)  $\triangle CAT$  se yon triyang rektang.  
 (4)  $\triangle CAT$  se yon triyang obti.

29 Ekwasyon yon dwat se  $y - 3x = 1$ . Pant dwat sa a se

- (1) 1 (3) 3  
(2) -3 (4)  $\frac{1}{3}$

30 Espresyon  $\frac{x+4}{x+3}$  endefini lè  $x$  egal

- (1) 0 (3) 3  
(2) -3 (4) -4

31 Si longè chak kote yon triyang rektang izosèl se 6, longè ipoteniz la se

- (1) 24 (3)  $\sqrt{24}$   
(2) 72 (4)  $\sqrt{72}$

32 Kote yon  $\triangle ABC$  se 2, 3 ak 4. Ki ansanm nonm yo kapab itilize pou yo reprezante kote yon triyang ki sanblab ak  $\triangle ABC$ ?

- (1) {5,6,7} (3) {12,13,14}  
(2) {6,9,16} (4) {20,30,40}

33 Valè  $\frac{3xy}{5} \cdot \frac{10x}{9y}$  lè yo redui li non fòm ki pi senp lan se

- (1)  $\frac{50x}{27xy^2}$  (3)  $\frac{2x^2}{3}$   
(2)  $\frac{27xy^2}{50x}$  (4)  $\frac{2x}{3y}$

34 Sou kilès nan graf ekwasyon sa yo pwen ki genyen kowòdone (2,-3) ye?

- (1)  $2x - 3y = 6$  (3)  $x + y = 5$   
(2)  $3x + y = 3$  (4)  $x - y = -1$

35 Sòm  $\sqrt{8}$  ak  $\sqrt{18}$  se

- (1)  $5\sqrt{2}$  (3)  $13\sqrt{4}$   
(2)  $13\sqrt{2}$  (4)  $\sqrt{26}$


Nou dwe reponn kesyon sa yo sou papye siveyan an ban nou.

Pati II

Reponn kat kesyon nan pati sa a. Montre tout etap nou suiv pou nou rezoud pwoblèm yo tan kou aplikasyon fòmil ki apwopriye, dyagram, graf, tablo, eksetera. Ou pa bezwen montre kalkil ou kapab fè nan tèt oubyen ak kalkilatris. [40]

36 Yo vann 150 zorye nan yon magazen. Yo vann chak ti zorye \$6.50 e yo vann chak gwo zorye \$9.00. Si lavant zorye yo rapòte \$1180.00 antou, konbyen zorye yo te vann nan chak kalite zorye? [Montre osnon esplike ki pwosede ou suiv pou w jwenn repons lan.] [10]

37 Nan dyagram ki anba a,  $ABCD$  se yon trapèz ki genyen yon wotè  $\overline{BE}$ ,  $AE = 3$ ,  $BE = 6$ ,  $BC = 10$ .



- a Chèche  $AB$ . Awondi repons lan sou dizyèm ki pi pre a. [3]
- b Ki pousantaj sifas  $\triangle ABE$  reprezante nan sifas trapèz  $ABCD$ ? Awondi repons lan sou nonm antye ki pi pre a. [7]

38 Edi achte yon pake 16 kat ki genyen foto jwè fouthòl sou yo. Lè li ranje kat yo ann òd, li wè li gen foto 4 atakan, 5 demivolan ak 7 defansè.


- a Li chwazi yon sèl kat nan pake kat la o aza. Chèche ki pwobabilite ki genyen pou kat la se
  - (1) yon kat ki gen foto yon demivolan sou li [1]
  - (2) pa yon kat ki genyen foto yon atakan sou li [2]
- b Li chwazi de kat o aza nan pake ki gen 16 kat la e li pa ranplase kat li chwazi yo. Chèche ki pwobabilite ki genyen pou
  - (1) toulede kat yo genyen foto demivolan sou yo [3]
  - (2) youn nan kat yo pa genyen foto atakan sou yo [4]

39 Nan tablo ki anba a, yo bay lis eskò chak ekip nan yon chanpyona bowling.

EKIP

Las	Myèl	Lyon	Flèch	Espè
186	177	199	197	193
224	207	212	196	214
216	235	188	226	231
207	223	239	205	200

- a Chèche mòd 20 eskò yo bay nan tablo a. [2]
- b Kopye tablo frekans kimile ki anba a epi sèvi ak enfòmasyon yo bay nan istogram nan pou ou konplete tablo a. [2]



Entèval	Frekans Kimile
170-244	
170-229	
170-214	
170-199	
170-184	1

- c Fè yon istogram frekans kimile sou papye kadriye ak enfòmasyon ou jwenn nan pati b a. [4]
- d Eske 214 se yon eskò ki anba 75 santil? Jistifye repons ou a. [1,1]

40 Lèt  $p$  vle di “Kè m kontan”.  
Lèt  $q$  vle di “M abiye an vèt”.

*a* Ekri chak fraz sa yo sou fòm senbolik.

(1) Si kè m kontan, mwen pa abiye an vèt. [1]

(2) Si m abiyè an vèt, kè m kontan.[1]

*b* Fè yon tab verite pou w chèche konnen si fraz (1) ak fraz (2) ki nan pati  $a$  a lojikman ekivalan. Jistifye repons ou a. [7,1]

41 Rezoud sistèm ekwasyon sa a grafikman epi montre kouman ou kapab verifye si repons ou an bon.

$$\begin{aligned}y &= \frac{2}{3}x + 5 & [8,2] \\x + 3y &= -3\end{aligned}$$

42 Chèche de nonm antye ki negatif, ki konsekitif e ki enpè. Pwodui de nonm sa yo se 63.  
[*Se solisyon aljebrik sèlman n ap asepte pou pwoblèm sa a.*] [4,6]

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

MATHEMATIK AN SERI — KOU I

Madi 19 jen 2001 — 1:15 pou 4:15 p.m., sèlman

Part I Score	.....
Part II Score	.....
Total Score	.....
Rater's Initials:	.....

FÈY REPONS EGZAMEN AN

Elèv ..... Sèks:  Gason  Fi Klas .....

Pwofesè ..... Lekòl .....

Reponn kesyon ki nan Pati I an sou fèy repons sa a.

Pati I

Reponn 30 kesyon nan pati sa a.

- |          |          |          |          |
|----------|----------|----------|----------|
| 1 .....  | 11 ..... | 21 ..... | 31 ..... |
| 2 .....  | 12 ..... | 22 ..... | 32 ..... |
| 3 .....  | 13 ..... | 23 ..... | 33 ..... |
| 4 .....  | 14 ..... | 24 ..... | 34 ..... |
| 5 .....  | 15 ..... | 25 ..... | 35 ..... |
| 6 .....  | 16 ..... | 26 ..... |          |
| 7 .....  | 17 ..... | 27 ..... |          |
| 8 .....  | 18 ..... | 28 ..... |          |
| 9 .....  | 19 ..... | 29 ..... |          |
| 10 ..... | 20 ..... | 30 ..... |          |

Reponn kesyon ki nan Pati II a sou papye siveyan an ba nou.

Ou dwe siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen fini pran egzamen an. Mwen deklare mwen pa t genyen kesyon yo ak repons yo alavans. Mwen pa t bay poul, mwen pa t pran poul pandan egzamen an.

Siyati

